


# Akademi paran...



Pote richès konesans, aptitud, ak opòtinite ba nou, ak atelye pou paran li ofri nan lekòl, sant edikasyon pou granmoun, ak lòt lokal nan kominite a!

## Nan atelye paran yo, w ap genyen ...

- **Yon anbyans entèaktif** kote w rankontre lòt paran, pataje esperyans ou, esplore mèvyè teknoloji, reponn kesyon kritik sou devlopman pitit ou, eks...
- **Sijè enteresan nan kat domèn:**


### Abitid lavi ki mentni sante



Aprann jan pou w konbat tansyon e fè chwa ki pou kenbe w ansante, ak konsèy, trik, ak prensip sou aktivite fizik ak bon nouriti. Enfòmè w sou kesyon dwòg ak SIDA pami jèn yo e sou asirans ak resous pou sante timoun. Aprann ki jan pou w pwoteje sante mantal pitit ou e jwenn èd lè w bezwen.

### Koneksyon ant lekòl ak Fanmi

Aprann fason pou w konekte ak lekòl pitit ou, konprann règleman sou prezans lekòl ak jan pou w kolabore ak devwa lakay. Pataje plezi lekti ansanm ak pitit ou, ranfòse aptitud matematik ak enterè l pou syans. Diminye tansyon anpil paran ak elèv konn genyen poutèt egzamen lekòl yo, etan w kòmanse konprann tès pitit ou genyen pou l pran yo. Aprann ki sa w kapab fè pou ede pitit ou tranzisyon nan nivo akademik ki pi wò, e ede l planifye karyè ak avni li.



### Levasyon timoun nan nouvo syèk la

Esplote resous entènèt e aprann sèvi ak Pòtay paran sistèm lekòl Miami Dade la. Dekouvri nouvo wòl teknoloji modèn yo jwe nan fanmi jodi a. Konprann dwa ak responsabilite paran, ak opsyon ki adrese bezwen, talan, ak enterè pitit ou. Dekouvri bèl mistè sèvo timoun. Aprann estrateji efikas ki pèmèt ou leve timoun responsab e rezoud konfli familyal nan lapè. Aprann ki jan w kapab aji kont vyolans ak arasman pou ede konstwi anviwònman lekòl ki pasifik.

### Chimen pwogrè pou fanmi

Develope konesans kiltirèl pitit ou. Lokalize enfòmasyon sou lwa Imigrasyon. Aprann ki jan pou w chèche travay, ekri yon rezime ki reyisi, e prepare yon randevou travay. Aprann ki jan pou w jwenn èd nan domèn sosyal, medikal, e legal. Aprann metòd ki pou pèmèt ou reyalize anbisyon finansyè w.



**Rele lekòl pitit ou jodi a, oswa louvri sit entènèt [www.theparentacademy.net](http://www.theparentacademy.net)**

# Patisipe nan amizman ak esperyans edikatif

## Pwogram gratis pou fanmi Akademi paran ofri.



Akademi Paran mete ak òganizasyon nan kominote a pou ofri opòtinite ki benefisye tout manm fanmi yo. Paran ak timoun ap rankontre nan Miami Children’s Museum, Marlins Stadium, Jungle Island, Miami Science Museum, Miami-Dade Cultural Center,... ak anpil lòt kote, pou explore mèvèy lasyans, selebre sezon fèt, admire zèv atistik, patisipe nan aktivite pou sante fizik, fè konesans ak aviwònman kote y ap viv la, ... e kreye lyen nan fanmi yo. Pwogram gratis pou fanmi yo prezante enfòmasyon gratis ak resous ki pèmèt nou kreye yon anbyans famiyal espesyal!

## TPA kolabore ak Biwo pou angajman paran

- **Pou ede** lekòl yo planifye e delivre pwogram ak aktivite ki konsène patisipasyon paran yo.
- **Pou ankouraje** paran yo patisipe nan “Very Involved Parent Award” (pri pou paran ki trè angaje) kap kòmanse an Oktòb e kap fini an Mas ak selebrasyon “School Family of the Year” (Fanmi lekòl pou ane a).
- **Pou Ankouraje** paran yo patisipe nan “Parent Teacher Association (PTA) ak lòt komite lidèchip nan nivo lekòl, rejyon, oswa distri a, tankou “Educational Excellence School Advisory Committee” (EESAC), “Title I Parent Advisory Committee” (PAC), “Title I District Advisory Committee” (DAC), “Parent Leadership Council” (PLC), oswa “Family and Community Involvement Advisory Committee” (FCIAC).



**Pou w ka aprann plis sou paran lidè ak paran ki pòt pawòl pou timoun lekòl, kontakte reprezantan PTA w oswa louvri sit entènèt <http://parents.dadeschools.net>**